**Әжинияз атындағы НМПИ 2022-жылы ушын**
**07.00.01 – «Өзбекстан тарийхы» қәнигелиги бойынша докторантура (DSc) ға қабыллаў комиссиясы мәжилисиниң**
**№ 1 ПРОТОКОЛЫ**

**Нөкис қаласы.** **2021-жыл 10-ноябрь**

*Қатнасқанлар: НМПИ илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А. Алламуратов, комиссия баслығы, т.и.д. доцент, Р. Базарбаев, комиссия ағзасы, т.и.д. доцент, Я. Абдуллаева, хаткер, т.и.к. доцент. Б.Турганов ҳәм талабанлар PhD Т. Аметов, PhD Е. Қанаатов*

**Кун тәртибинде:**

1. Нокис мәмлекетлик педагогика институтына 2022-жылы ушын 07.00.01 – «Өзбекстан тарийхы» қәнигелиги бойынша докторантураға (DSc) өз хужжетлерен тапсырған талабанлар Темур Аметов ҳәм Есимхан Қанаатовларды сәўбетлесиў тыйкарында докторантура (DSc) ға қабыллаў.

**Билдириў:** НМПИ илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А. Алламуратов 2022-жылы ушын 07.00.01 – «Өзбекстан тарийхы» қәнигелиги бойынша докторантураға (DSc) ҳужжетлерен тапсырған талабанлар Темур Аметов ҳәм Есимхан Қанаатовлар менен «Сәўбет» тийкарында таңлаў өткерилиўин атап өтилди. Бул бойынша таңлаўға бекитилген комиссия ағзаларынан: комиссия баслығы, т.и.д. доцент, Р. Базарбаев, комиссия ағзасы, т.и.д. доцент, Я. Абдуллаева ҳәм хаткер, т.и.к. доцент. Б.Турганов таңлаўда қатнасып атырғанлығын мәлим етти, т.и.д., доцент М. Сарыбаев хызмет сапарына кетиўине байланыслы таңлаўда қатнаса алмайтуғынлығын билдирди ҳәмде комиссия ағзаларынын үшден еки болеги қатнасып атырғанлықдан таңлаўдың өткерилиўи нызамлы екенлигин билдирди. Комиссия ағзаларына доретиўшилик қабилийетин ийе, илимли ҳәм ылайықлы талабанды таңлап алатуғынлығына исеним билдирди.

**Шығып сөйледи:** Комиссия баслығы, т.и.д. доцент, Р. Базарбаев таңлаўға қатнасып атырған талабанларға сәўбетлесиў қағыйдалары ҳәм тәртиплери ҳаққында мағлыўмат берди ҳәм әўметлер тиледи. Соңынан Р. Базарбаев

тарийх илиминде актуал есапланатуғын томендеги тематикалық маселелер ҳәм дөретиўшилик ислери бойынша сәўбетлесиўди усыныс етти.

1. Тарийх илминиң бүгинги кундеги мақсет ҳәм ўазыйпалары, әҳмийети ҳәм жәмийетте тутған орнын жарытыў ?
2. Тарийх илиминде қолланылатуғын методлар ҳәм методология маселелери ?
3. Ҳәзирги ўақытта ўатан тарийхындағы актуаль машқалалар ?
4. Өзлери таңлаған илимий жумысы темасының актуаллығы, машқалалары ҳәм тарийх илиминдеги әҳмийети ?
5. Тоталитар дүзим дәўиринде ўатан тарийхына болған мүнасебет ?
6. Еркин тема. Бунда талабанлар әййемги дәўирден X әсирге шекем, X әсирден XIX әсирге шекемги ҳәм XX әсирдеги тарийхый ўақыялықлардың бири ҳаққында тарийхшы сыпатында өз көз-карасларын билдириўи керек болады.

Талабанларға таярланыў ушын 20 минут ўақыт берилди. Соңынан комиссия баслығы, т.и.д. доцент, Р. Базарбаев, комиссия ағзасы, т.и.д. доцент, Я. Абдуллаева тарепинен талабанлар Аметов Темур ҳәм Қанаатов Есимханлар менен жеке таризде саубетлесиўлер алып барылды ҳәм қосымша саўаллар берилди ҳәм жуўаплар алынды. Буннан соң комиссия қурамы өзлериниң жуўмақлаўшы пикирлерин бирдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша Билдириў ҳәм шығып сөйлеўлерден соң комиссия қурамы

**Қарар етеди:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты докторантурасына (DSc) 2022-жылы ушын 07.00.01 – «Өзбекстан тарийхы» қәнигелиги бойынша өз ҳүжжетлерен тапсырған талабан Есимхан Қанаатовтиң сәўбетлесиў барысында өзиниң теориялық илиминиң ҳәм илимий-дөретиўшилик қәбилетиниң жоқарылығын көрсеткенлиги атап өтилсин;
2. НМПИ Илимий бөлимнен талабан сәўбетлесиўди өткерген комиссия қурамы тәрепинен талабан Есимхан Қанаатовти 07.00.01 – «Өзбекстан тарийхы» қәнигелиги бойынша докторантураға (DSc) қабылаў усыныс етилсин;
3. НМПИ Илимий бөлиминен бул усыныстың орынланыўы бойынша қарар қабыл етиўи соралсын.

**Комиссия баслығы:** **Т.и.д., доцент Р. Базарбаев**

**Хаткер:** **Т.и.к., доцент Б. Турганов**